

OU GEN DWA POU GEN YON ORÈ TRAVAY OU KA PREVWA

Selon Fair Workweek Law (Lwa Semèn Travay jis) Eta New York la, sèten anplwayè ki vann an detay dwe bay travayè yo orè travay yo ka prevwa. Magazen ki vann an detay yo dwe afiche anons sa a yon kote l ap fasil pou anplwaye yo wè nan chak espas travay nan Vil New York.

Anplwaye Magazen ki Vann an Detay Iwa a kouvri

Tout anplwaye ki travay nan yon magazen ki vann pwodwi konsomasyon epi ki anplwaye omwen 20 travay nan Vil New York.

Lwa a kouvri tout travayè san gade sou sitiyasyon yo ak imigrasyon.

Anplwaye Magazen ki Vann an Detay Iwa a PA Kouvri

Anplwaye ki gen pwoteksyon sèten akò negosyasyon kolektiv.



Anplwayè yo pa gen dwa pini, penalize, vanje oswa fè okenn bagay kont anplwaye ki ka kanpe yo oswa anpeche yo egzèse dwa yo genyen selon lalwa. Travayè yo dwe kontakte OLPS san pèdi tan si yon patwon te vanje yo. Gade anba a.

Dwa ou yo



Preyavi 72 Semèn Avans Orè Travay la

Anplwayè ou dwe :

- Ba ou yon orè travay ekri nan omwen 72 èdtan avan ou kòmanse orè nan fason anplwayè a konn kontakte ou, ki kapab pa tèks oswa imèl.
- Afiche orè a nan espas travay ou kote tout travayè yo ka wè li.
- Mete dat, lèt peryòd travay la kòmanse ak fini, ak adrès tout peryòd travay ou yo nan orè travay la.
- Si orè a chanje, mete orè a ajou epi re-afiche li epi kontakte tout travayè ki afekte yo.



Pa fè anplwaye a tann pou rele li pou travay si yo bezwen li

Anplwayè ou pa ka egzije ou pou:

- Mete ou pare ak disponib pou travay nenpòt lè anplwayè a egzije, kit w ap travay oswa ou ale travay.
- “Rele” nan 72 èdtan yon peryòd travay pwogramme pou konnen si pou dwe vini travay nan peryòd travay la.



Pa ajoute peryòd travay san yon preyavi 72 èdtan

Si anplwayè ou vle ajoute tan oswa peryòd travay sou orè ou nan pi piti pase 72 èdtan avan chanjman an, ou gen dwa pou aksepte oswa refize chanjman an. Si ou aksepte peryòd travay li ajoute a, ou dwe fè sa alekri.



Pa anile peryòd travay san yon preyavi 72 èdtan

Anplwayè a pa ka anile yon peryòd travay nan pi piti pase 72 èdtan avan peryòd travay la kòmanse.

Eksepsyón:

Anplwayè ou ka chanje orè ou ak yon preyavi pi piti pase 72 èdtan si yo pral fèmen poutèt sikontans sa yo:

- Menas pou sekirite travayè yo oswa pwopriyete anplwayè a
- Sèvis publik ki tonbe an pàn
- Transpò publik pa mache
- Dife, inondasyon, oswa lòt dezas natirèl
- Gouvènman an deklare yon eta ijans

Epi tou anplwayè ou ka ba ou konje si ou mande sa oswa pou kite ou chanje peryòd travay ak yon lòt anplwaye k ap travay nan magazen ki vann an detay.

Depoze yon Plent

Biwo Règleman ak Estanda pou Travay (Office of Labor Policy & Standards, OLPS) nan Depatman Zafè Konsomatè (Department of Consumer Affairs, DCA) ap mete Fair Workweek Law Vil New York ak lòt lwa travay Vil New York ann aplikasyon.

Pou depoze yon plent ak OLPS, ale sou sitwèb nyc.gov/dca oswa rele 311 (212-NEW-YORK deyò NYC) epi mande pou “Fair Workweek Law.” OLPS pral mennen yon ankèt epi eseye regle plent ou an. OLPS pral kenbe idantite ou konfidansyèl amwenske li nesesè pou bay idantite ou pou mennen ankèt la kòmsadwa oswa lalwa egzije sa.

Ou ka depoze yon aksyon nan tribinal. Men, ou pa ka gen yon plent ak OLPS epi yon reklamasyon nan tribinal an menm tan.

Kontakte OLPS

Ale sou sitwèb nyc.gov/dca, imèl FWW@dca.nyc.gov, oswa rele 311 epi mande ou “Fair Workweek Law.”



Consumer Affairs

Bill de Blasio
Mayor

Lorelei Salas
Commissioner

* Anplwayè ou dwe afiche anons sa a nan nenpòt lang ki se lang prensipal pou omwen 5 pouzan travayè yo nan espas travay ou a si li disponib sou sitwèb DCA a nyc.gov/dca.